

**PADIKA PEMBELAJARAN NGAGUNAKEUN  
BASA SUNDA MARENGAN LAMPAH  
PIKEUN MURID TK**

ku  
**Usep Kuswari**

# Prinsp-prinsip Diajar Basa Sunda

- Diajar basa Sunda diajar komunikasi, anu tujuanana pikeun alat komunikasi jeung lingkunganana, alat pikeun mekarkeun intelektual anak, alat pikeun mekarkeun ekspresi anak, jeung alat pikeun ngebrehkeun rasa jeung pikiran ka jalma nu sejenna.
- Ngalaksanakeun kgiatan nu teu pegat-pegat antara kgiatan nu hiji jeung kgiatan nu sejenna.
- Diajar miboga tujuan pikeun ngalaksanakeun kahirupan sangkan salamet, aya mangpaatna, sarta meunangkeun kanimatan.

- Dina ngalaksanakeun kagiatan pembelajaran murid TK/PAUD kudu sumender kana kalakuan manusa nu jadi tatapakan, nya eta
  - (a) kagiatan ngagunakeun basa: nyarita, ngaregepkeun, nulis, jeung maca,
  - (b) kagiatan pancaindara: panenjo, pangragap, pangrungu, pangambeu, pangasa: nenjo, ngadengekeun, pangambeu,
  - (c) kagiatan jasmani: ngagerakkeun leungeun, suku, sirah, badan, jrrd,
  - (d) kagiatan rohani: pikir, rasa (make hate), ingetan, asosiasi, kahayang, jrrd.

# Kagiatan Diajar Basa Sunda

- Diajar teh ngalakukeun kagiatan *berbahasa*, nya eta parigel ngagunakeun basa, seperti *nyarita, ngaregepkeun, maca, jeung nulis*.
- Diajar teh ngalakukeun kagiatan pancaindra:  
**Panenjo**, saperti ngagunakeun panon: *ngiceup, beunta, peureum, jrrd.*  
**Pangragap**, saperti ngagunakeun kulit: *tiris, hareudang, panas-tirs, jrrd.*  
**Rasa**, *amis, asin, haseum, kesed, keutar, lada, pangset, pait, peuheur, jrrd.*  
**Pangrungu**, saperti ngagunakeun cepil: *gandeng, sora laun, jrrd.*  
**Pangambeu**, saperti ngagunakeun pangambung: *seungit, bau, hangseur, hapeuk, haseum, hangit, hangru, segak, jrrd.*  
**Pangasa**: saperti ngagunakeun hate: *resep, bungah, sedih, rame, jrrd.*

- Diajar teh ngalakukeun kagiatan jasmani:
  - ❖ **Obahna leungeun**, *saperti gugupay, mencet, nakis, nakol, nanggeuy, noel, nunjuk, nuyun, ngarawu, ngelelek, ngeupeul, nyintreuk, nyiwit, nyomot, ngacung, nyandak, nyerat, jrrd.*
  - ❖ **Obahna suku**, *leumpang, jengke, najong, nalapung, nalipak, nincak, noker, ngajejak, ngarengkas, nyepak, jrrd.*
  - ❖ **Obahna sirah**, *dangah, gideug, gogodeg, lieuk, ngalehleh, tungkul, ungeuk, tungkul, jrrd*
  - ❖ **Obahna panon**, *beunta, kiceup, meletet, melong, mencrong, meureudeuy, molotot, mureleng, nenjo, nempo, noong, ngadilak, ngareret, peureum, jrrd.*
  - ❖ **Obahna biwir**, *balem, calangap, imut, jebi, keom, kunyam-kunyem, luwa-lewe, manyun, nyerengeh, seuri, jrrd.*
  - ❖ **Obahna awak**, *diuk, jingklak, malik, nangkarak, nangkuban, nangtung, ngadapang, ngarandang, ngedeng, nyanda, nyangsaya, jrrd.*
- Diajar teh ngalakukeun kagiatan rohani: *pikir, rasa (make hate), ingetan, asosiasi, kahayang, jrrd*

# Konteks Pembelajaran

- Konteks pembelajaran: alam fisik (taneuh, cai, hawa, cahaya, barang-barang langit (benda-benda langit), alam hayati (tutuwuhan, sasatoan), masyarakat (kulawarga, batur ulin, tatangga, batur diajar), budaya (pacarian, kabiasaan, kadaharan, kaulinan, kasenian)).
- Konteks dipilih ti lingkungan nu aya patalina jeung miboga mangpaat pikeun kahirupan di sakola, kota/kabupaten, provinsi, nagara.
- Zaman: ayeuna nu keur dialaman jeung mangsa nu bakal datang.

# **Susunan Kagiatan Diajar**

- Kagiatan berbahasa – kagiatan pengindraan – kagiatan rohani – kagiatan jasmani.
- Kagiatan rohani – kagiatan pengindraan – kagiatan berbahasa – kagiatan jasmani
- Kagiatan secara babarengan.

## Kagiatan Diajar

### ku cara ngalakukeun kagiatan pancaindra

- ❖ **Panenjo**, murid ngaragakeun bari ngucapkeun:  
**Contona:** abdi *ngiceup*, abdi *beunta*, abdi *peureum*
- ❖ **Pangragap**, murid ngaragakeun bari ngucapkeun atau ngomongkeun:  
**Contona:** *hawa tiris*, *hawa hareudang*, *kuring panas-tiris*.
- ❖ **Rasa**, murid ngragakeun jeung bari ngomongkeun:  
**Contona:** *gula amis*, *tarasi asin*, *buah ngora haseum*, *buah atah kesed*, *sambel lada*, *uyah pangset*, *obat pait*, *terong peuheur*.
- ❖ **Pangrungu**, murid ngaragakeun bari ngomongkeun:  
**Contona:** *sora gandeng*, *sora laun*, *jrrd*.
- ❖ **Pangambeu**, murid bari ngaragakeun jeung ngomongkeun:  
**Contona:** *buah kadu seungit*, *runtah bau wc bau hangseur*, *baju bau hapeuk*, *awakna bau haseum*, *bau hangit*, *bau hangru*, *sambel segak*.
- ❖ **Pangasa**: murid ngarakeun bari ngucapkeun **Contona:** *mani resep*, *kuring bungah*, *manhna sedih*, *dongeng rame*.

# Ku cara ngalaku keun kagiatan jasmani

- **Obahna leungeun**, murid ngaragakeun obah leungeun bari pok ngomongkeun. Contona:  
*Usman gugupay, kuring mencet, kuring nakis, kuring nakol bedug, kuring nanggeuy baki, kuring noel babaturan, kuring nunjuk ahmad, kuring nuyun elis, kuring ngarawu suuk, kuring ngelel boboko, kuring ngeupeul sangu, kuring nyintreuk kaleci, kuring nyiwit ucing, kuring nyomot, kuring ngacung, kuring nyandak buku, kuring nyerat.*
- **Obahna suku**, murid ngaragakeun jeung bari pok ngomongkeun. Contona:  
*Kuring leumpang, urang jengke, urang najong bal, urang nalapung bal, urang nincak taneuh, urang noker runtah, urang ngajejek galengan, urang ngarengkas, urang nyepak bal.*

# Ku cara ngalaku keun kagiatan jasmani

- ❖ **Obahna sirah**, dangah, gideug, gogodeg, lieuk, ngalehleh, tungkul, ungeuk, tungkul, jrrd
- ❖ **Obahna panon**, beunta, kiceup, meletet, melong, mencrong, meureudeuy, molotot, mureleng, nenjo, nempo, noong, ngadilak, ngareret, peureum, jrrd.
- ❖ **Obahna biwir**, balem, calangap, imut, jebi, keom, kunyam-kunyem, luwa-lewe, manyun, nyerengeh, seuri, jrrd.
- ❖ **Obahna awak**, diuk, jingklak, malik, nangkarak, nangkuban, nangtung, ngadapang, ngarandang, ngedeng, nyanda, nyangsaya, jrrd.

# SESEBUTAN NGOLAH BARANG

- beas : *diisikan*
- daun : *dileumpeuh*
- Hurang: *dipelas*
- Kalapa : *dibutik*
- Lebu: *dituras*
- Munding: *didadung*
- Pakarang: *diasah*
- Samping : *dilamban*
- Sumur: *dikuras*

# Bahan Ajar Nyarita:

## Tiori Pragmatik:

1. Aspek sosialisasi
2. Aspek intelektual
3. Aspek emosional
4. Aspek informasi faktual
5. Aspek moral
6. Aspek ngarengsekeun masalah

# Lingkup bahan ajar nyarita

- Nanya, ngulem, nampa, nyuguhan
- Muji, ngawilujengkeun, ngalem, ngarayu, jeung ngagoda
- Nyela, motong caritaan
- Neneda, menta, miharep
- Mungkir, ngabohong, nitenan kasalahan
- Negor, nyawad, ngutruk, ngajejeleh
- Ngahina, ngeritik, ngancam
- Ngangluh, ngadoni
- Nuduh, mondah (*menyangka*), sulaya
- Nyaluyuan, nolak, ngabantah, ngadebat
- Ngayakinkeun, meredih, mangaruhan, ngeceskeun, mapatahan, Nyebutkeun
- Ngalaporkeun, ngajen, nganiley, ngomentaran

# Lingkup bahan ajar nyarita

- Marentah, mesen, menta, nungtut
- Tumanya, mariksa, nalungtik
- Mikarunya, ngiring sungkawa
- Neda sihapunten jeung ngahapunten.
- *Nyaritakeun deui*
- *Ngadongeng, cacarita*
- *Biantara*
- *Gunem-catur*
- *Wawancara*
- *Tanya jawab*
- *Barempug*
- *Mingpin Sawala*
- *Pangatur acara (MC)*

# Bahan ajar ngaregepkeun

- Bandung-kuping
- Ngaregepkeun warta radio atawa TV
- Ngaregepkeun dikte
- Ngaregepkeun maca teks non-fiksi
- Ngaregepkeun maca wangun lancaram
- Ngaregepkeun maca surat
- Lalajo pintonan drama

# Bahan ajar nulis jeung ngarang

- nyalin atawa nuliskeun deui,
- nyadur jeung narjamahkeun,
- ningkes jeung ngalaporceun
- nyusun daftar pananya, wawancara, atawa angket,
- nyusun surat,
- nyusun pedaran atawa artikel,
- nulis pangalaman pribadi
- nulis naskah pidato
- nulis ngararancang kgiatan
- nulis memo
- ngarang sastra prosa, puisi, jeung drama.

# RUPA-RUPA DIUK

- cingogo
- emok
- Candeluk
- Campego
- Nagog
- Nanggeuy gado
- Nyanghunjar
- Sidengdang
- Sideuha
- Sila

# RUPA-RUPA LEUMPANG

- boyot
- Egang
- Moyongkod/mongkoy
- Niliktik
- Noyod
- Ngageang
- Ngageboy
- Ngagiyet
- Ngagedig
- Ngalenghoy
- Ngeteyep
- Ngincid
- ngiciprit

# NUDUHKEUN LEUMPANGN LOBAAN

- Ngabring
- Ngabrul
- Ngaburudul
- Ngaleut
- Ngantay